NOSEY DAAM JAANE

Sëriñ Daam Jaane mi ngi juddoo Tëngéej ci atum 1986.Mi ngi jànge Njaañug Njaga. Dëkk Tuubaa di fa jàngalee Alxuraan . Di ab waykat it ci Wolof ci gàttal.

Limat: 766938593

Email Dianedame9@gmail.com

XAAJ BU NJËKK BI:

1- Na Xol yi féex

2- Guddi

3- Mbëggeel

4- Sargal Sñ Xaadim Gëy

5- Lëndamug cofeel

6- Njukkal Sñ Xaadim Gëy

1- Na Xol yi féex

Daam Jaane

Jamonoy Asan Paateek bañuy way Njóoba laay

laa doon fowantoo way man ak ñoom Jàkka Njaay

Yéen doomi soxnay sëñ Basiir Lóo may ma fit

Afrig jógal jox baay Jagal ag gàngunaay

Ñi ma def ngalam ba ma xëy di nes-nesi tay ci way

Baay Saal Ture kaay fii te ràngal leen medaay

Saalihu Ture

Buma fàttalikoo Sëñ Daam ca daara ja saay jataay

way laa ko daan dundee man ak sama yenn gaay

Daan déglu sëñ Moor xam sa diine ci Làmp Faal

muy taalifal Maam Jaara Buuso lu taaru waay

Ami Siise sos ciy muqtadab ay way yu saf

sëñ Fàllu Kan foto irtijaal di ko saamandaay

Ñukkub Lahat Ndoŋ génn gaa ña di jàngi way

Sëñ Ngund laa daa déglu ree bay xàqtaay

Daam Jaane

Sama kompulegsi ga deñ na ndax seex Abdu Ka

maa xëy jawub wolofal bi jënd la mbër di jaay

Baay góor gi déglul Mustafaa réew mee jaxoon

sëñ Làmp Mbàkke di tagg Daam may ngën ji waay

Suma dee jinaas tay baay Lamiin a ma jox cereem

kiy fëgg saay téeree waral ba ma am ngañaay

Saalihu Ture

Sëñ Seexunaa Gànnaar ci Nday Alima a taxoon

ba ma teey a teey ci jigéen ñi tépp na dégg aay

Sama xel xalam kaanaa ki kàkk bu Maysa Faal

ibnul Amiin Faal fëll indi fi lakk daay

Tax nañ ba way jaxasook dereet sama tay jile

bu dutoon ak ñoom sama xel mu ñor mi du waaj a xaay

Daam Jaane

Fuma yaali dóor sàbbaal Imaam ja mu soññi nguur

yoon teggi tuumay Fàllu Kunta mu ñibbi waay

Tay-taylu naa bañu teg ma dof terewul téyeel

sëñ Baara Gëy Mahmóodu doom ja mu jàngi laay

Kuy tukki laajal sëñ Abóo waa jam dajeel

yoon week a tar suma doon ragal duma jéggi raay

Li ma gént a gag loo Bàmba Lóo ak Seex Silla muy

Doktooru Lóo ànd ak Imaam Jóob dellu Ngaay

Saalihu Ture

Abdul Ahat Ñaŋ ñag na làkk wi gépp wet

bàkkal na réew mi ne jaasi waay jaa mas la daay

Daam Jaane

Mbaam yaa ngi jottali cant ben Faadl ci mbay

ag ñàkk dug bon Fàllu Si ak maam Cerno Njaay

Saalihu Ture

Laajteel ma Sàmba alaar ci Seex Awa Bàlla Faal

Buso Abdu Xaadar ëppalam laaj nay detaay

Marxiy marax leb naa ko ngir imisooy ikaab

ak jant beek bennoo efem billaay wallaay

Daam Jaane

Jaxasey pitaale di dammu bahru ba def lu jub

sama tur ci seen àlliwóoy mbatiit éro laa ci waay

Li ma tarde reer ngir koj ikaab imisoo xalim

Faatoo ngi ñëw ka ma domp daaw ren moo ma raay

Saalihu Ture

Génnee ña nëbbu te feeñalaat peru way ba doon

bëgg a réer ñu formey Mbër yu mag jox leen medaay

Daam Jaane

Xalimag wurus durrun nasiim ay umsiyaat...

a ma yóbbu Kawlax ak Difoonse ak Géejawaay

Saalihu Ture

Ñoo yokku xemmemtéefi ndaw ñi ci waar wi tay

dekkal donoy suñu mag ña doon suñu delluwaay

Daam Jaane

Root nan ci teenub Kayre mbóotum Baabakar

bayreek xorom ngay yëg ci way yi ñu tagg yaay

Saalihu Ture

Seex Sàmba Jaara ak sëñ Musaa duy sun bagaan

Bamu fees ñu tiim taawook i caat aay dékk mbaay

Daam Jaane

Yar gindi xupp ak yedde waar yee kuy nelaw

liy tàkk fay bu ci boole way is naafë daay

Saalihu Ture

Fuñu fëlle rekk mu nooy ba gaa ña di coow ñu far

fëllewaat feneen di ko sante nday di ko bàkke baay

Daam Jaane

Dañu raam ba tas dox jéggi jéego yi joggi dég

dox nan ba xéewal agsi yay nan sant waay

Saalihu Ture

Sutura ak teraanga ju sax wér ak raw guddu fan

fés feese barkeek bayre buñ doon benn waay

Buñu ruur te buñ réer buñ waroo buñu wor xarit

kuñu raccalub laaxum bañeel bumu am cifaay

2- GUDDI

Mbalaani niir ya bu muuree, jent sàng safax

Bëccëg ga taggu timis, maay samp dënd di buur

Xaftaan bu ñuul ni këriñ, am tupp-tupp yu weex

Mooy col ga ag ndaama laa, as ndiir su gàtt ma réer

Xaftaan bu ñuul la ma sol, am tupp-tupp yu weex

Ag ndaama laa fukki waxtu ak benn rekk ma réer.

Gaaw lool ci way bég i xol, soof cam su nekk ci tiis

dal yewwu am sutura, xam lépp bàyyi ci biir

Way baax ya sopp ma lool, saay-saay sa jàppe ma waay

ñeey jaamu ñee dëkke jëf, ñaawtéef ya lépp ma muur

Saag door la jinne di jóg, lal ay pexeem tër i fiir

Ku farluwul tëye doomam, njuuma sànni ko xeer

Ngelaw su sedd sa moo lay soññ gaawtu xoyet

Jafal sa and ci mattug goongo gëtt yu piir

Ginaar yi tàbbi ngunu, njugub yi génne ci lëm

Lippaaxon ay gunge jeeg, bay waaj a yakkiji reer

Muus jóg di rëbbi jinax, xérjéjji lang ci looy

Gee jàll yóbb safaa, wittar ñu tàbbi ci biir

Wolof Ak Xamle

Bànneex ci néegi juboo, naqar ci néegi safaan

Am biir yu feese ndawal, am yoy mbaxal la ñu sóor

Suñeel yi raam leru ñag, rungug gaña a ngi sa waañ

xaj yaa ngi yuuxu ca kaw, ay ngooxi mbott di riir

Yoo yewwu yee xorondom, gëmmentu dal di nuyoo

Gént ay sa gan gi la wax, xibaar yu lënt sa yuur

Leeg-leeg mu neex ba nga bég, leeg-leeg nga yuuxu ca ngir

jëmmam ju raglu ja ànd ak bëñ yu gudd te xuur

Fasuw sijaada gu suur, laabuw kurus yaru tur

Njaabal ci kursu wareefi jaam ba nammati Buur

Mbaamum fétal mu ñu sëf, jaasiy bajantu ci bew

war say wareef weri fit, def jom toj ak tëb i miir

Ñii tëdd seen weti way-jur, sàngu seen sëri ngor

Ñii sol lu gàtt fasoo, wànteeri seen céri biir

Jokkoo ba guddi gi xaaj, gàmbaal ba séq yi sab

Kee xaar jëkkër ba nelaw, kee bëtt ñag wuti góor

Sàcc ak wëyyook wagaboo, bàndeek sulaar yi ci baar

Yaaram sëriñ ku ñu rus, tànneef ci cant yu foor

Rombante mbindeef yu wuutey jikko, ak melokaan

Wuutante kawkab ya xuus, seen burju feq di leer

Wolof Ak Xamle

Ñatteelu xaaj ba xaran, yay riir ci dënni xureet

piccum tinook nangu ñaan, toŋ fépp ken du ko diir

Bët gëmmu ruu yi di xool, téraayu xëbru ëllëg

Néew tëddi morgo xajal dooñkat bi am ganu liir

Jàppaan gi jàpp sa cuuj muy ciib, nga tëb ne bërét

Baay Xaadi nodd fajar, bët set sa yaay a janneer

Kiiraay la wuññiku na, looy bañ mu siiw bu ko jëf

maay guddi ay li ma lëm, lëndëm du muur sama leer

Dan maa xarook sutturaak ug maandu noppi ci dal

Yiw mbaa safaana ci yam, loo jëf ci man duma weer

Kum soob nga jàppe ma sën, ndax celli mag du nalaw

bul foog ne umpale naa, liy gontu xew sama biir

Kër-kër du woon sama mbir, dalloo ma yékkati woon

Ker laa gu dëll te yee, foo fàkk man nga fa goor

Siiwal du woon sama mbir, yeetee ma yékkati woon

Liy xew ci bëccëg a raw, ëllëg la lépp di leer

Ay xaaju guddi, bu jekkoon jekki nekk bëccëg

bis pénc sax du ko dab, cig xumb ak bari riir.

3- Mbëggeel

Mbëggeel a sóob ma ci gottub

Miseer bu ànd ak i tar-tar

Xiinam wa dotti ma waamew

Nammeel gi sàng fi saay cër

Xalaat saxal sama biir xol

fulóor gu fees ak i car-car

Meloom wa dëkk ci soppee..

ku bis bu nekk ni kàkktar

Leeg-leeg mu roos ba ma foog ne

am ramatoo ni fi fër-fër

Mu dellu weex di ma gëmloo

tóttóor a tàgg sa biir kër

Yii saa mu gel niki lolli

yii saa mu naate ni ab dër

Yii saa mu wert ni ndam-ndam

yii saa meloom niru bàqaar

Leeg-leeg mu xëpp ma jàmm ak

jubbam wu jekk wa nib per

Kontaan ga soppiku sarwet

saa góomu xol bi mu tag cor

Leeg-leeg mu tàyyi ni toq

xëy am cawarte ni war-war

Leeg-leeg ñu ànd di guutu

tambaalu geewe ba fajar

Di sab di bàkku ni naatug

rajab gu mujj ji ci tar-tar

Leeg-leeg mu yakk ma bànneex

bu yaatu ub ko ci naqar

Leeg-leeg mu dij ma ca naaj wa

may jooy mu uuf ma ci ron ker

Yii saa mu ràng ma càqub

xalaat yu sell ni gànjar

Yee saa mu tënke ma coona

saa xel mi yendu ci kër-kër

Leeg-leeg ma tàbbi ci firdawsi

naan di sangu ci am njar

Dimbaane meew muñu rax lem

sërxal ca soow ak i suukar

Muy ndaatataar di ma reetaan

leerug bëñëm ya di kàbbar

Ki tax ba jant di leeral

waral jamaa kawe ab cër

Ku gis ko guddi du gumba

wettaa wetuw mbég a koy dar

Jubb ub Musaa du ko góndi

ngoob rekk lay nosal iy per

Ci man la barde du ay dóor

ndóbin ga sab na ko muy bér

Saa tipp-ripp mi gàcceel

na putt End ca xaysar

Sawtus safiir duma yëngal

baatub Daawuut la ma Buur cér

Pitax mu taaru mi naawal

ci jawwi kaw-kabu ashër

Saa ngalle saa picci pal-pal

fum tàgg teggi fa njàqar

Mooy tëgg xel mi di wëndeel

turam la xol bi di sikkar

Fan laa jëm ak dexu mbëggeel

naanam ga yokk na saaw mar

Mbëggeel a takku te sakkan

ku bëgg nit na ko waggar

Cofeel gu dëggu du yomb

ku bëgg piir dinga bég mer

"I love you" sama tàngal

Jinjeer ci faj li ma càqar

Sa mbégte mooy sama bànneex

sa mer ma doon sama naqar

Mbëggeel a sóob ma ci gottub

nooflaay bu ànd ak i tar-tar.

Wolof Ak Xamle
Xàmi Xam-xam

4- Sargal Sëñ Xaadim Gëy

Gëy Njoora Gëy ñaaya yaw, téereb Boroom bi nga def

Am xëy ku lay fakktal, daa repp mbaate mu dof

Yan bañ yanoon mbër ya woon, téeñ baa ngi yaa ne ko cas

Kuy tee nga dëngëñ di wéy, am mbaam la dees na ko sëf

Ku doomi Bàmba di yéem mbindam ba koy terali

Sag suufe faat na asal mosleen ko, xam li mu saf

Kenn manta lim ñi nga def, sëñ daara tay ak i kaaŋ

sun taal ya doon bëgg a giim, ca Njaañ e yaay ki ko ëf

Doo bërgal ub ndonga yaw, doo boddi mag walla ndaw

Gëy ràggalóo, ruuralóo, reggal nga yékkati tef

Xeet yépp am nga ca kaaŋ, lawbeek i géer a ci yam

Ab ŋaydo mantil a tee, ngay xëy di bay wile lef

Tërub xol ak xel mu nëb, gis-gis bu gàtt bi ngeen

Koy xoole tay dafa doy, def ngeen lu yées li mu def

Kuy jéng baay tëj ci kaaf, tey maas kurã ak a dóor

Looy bañ ku jéng ku daw, ngeen mel ni mbóot yu ñu nef

Jéngub noteel bi ñu leen, ràngal ci ngeen war a wax

Te bàyyi daara mu toog, xam ngeen ñi ngeen war a ñaf

Jaay suuf si jaay peterool, jaay nit ñi sànni sa ngor

Jaayal ba jaay li nga wuuf, mee bàyyi nook sunu yëf

Kuy bañ mu jénge joxal, sëñ daara bii la mu moom

Ŋaaŋleen mu wadd te ngeen, jóg jëf li ngeen war a jëf

Du seen moroom te du seenub, nawle yeen a ko tay

Walleen i nàkka te muñ, seen ñay wa nee na ko tëf

Misyoo la yor matagul, daaraam ja dees na ko taax

Seex Murtadaa a ko sos, ñeexum cofeel la ko sif

Daam Jaane baayu Kariim, Xaadim Gëy ay ki ko yar

Ak mbër yu kenn du lim tee ngeen a jëf li mu jëf

Buur Yàlla Yàlla na tër, kuy noonu daara ci suuf

Labal ko ciy fitna ak, kër-kër këram ya di jaf

Féexal sëriñ daara bii, ndax ag jotam bariwul

Ab ŋaydo mantil a tee, muy xëy di bay wile lef.

WAX
Wolof Ak Xamle
Xàmk Xam-xam

5- Lëndamug cofeel

Lëndamug cofeel gi ma tàbbi, tax na ma gont war

Mutafaahilun ji fi ñépp, taamu ci tagg mbër

Tegu yéene way yaru tagg bàkk wu saf xorom

La ma koy cawee di ko rëpptal da ma dib gawar

Li ma yeex a jóg terewul ma jiitu ca tuur ba ndax

Wile naaru-góor du fi dàqe mukk, ci kursu par

Li ma naal a bind ci sibtu Bàlla ba tax na tay

Keru xol bi féex, cari xel mi naat na te daa ji far

Ku fi doon wayantu, na teg xalim ga te ñëw awu

Sama géer gi fawxa na gépp géer fa mu làng a bir

Ku fi doon tëbantu na dal, te ngax yi ni nemm cëy

Mbëru mbër yi gétti na waada, cëy ak a neex a far

Sàmba yaa di ngaan nañu tekki, cuur yi te jox ko ndam

Jaratul limaale du maasu ñii fële lañ ko ber

Galanub sëriif la ko Buur tëggal, nattu yoy Yonnen

La ne cas di wéy, bëtam aŋ ca gaaya fi woon Badar

Aka neex a taas, aka neex a jiin, aka yomb a kañ

Aka jar di bàkk ne géeju may ya du nëx du fer

Sëriñub njariñ ba ñu daam, ngëneel ya ñu daa xaroo

jëfi Soxna Jaara ja Yàlla nangu mu law di wër

Aka teel a sóobu ca ngir mu sell ma roy Yonnen

aka teel a dab ña ko jiitu woon te fi daa sikar

Fa nga jaare Yàlla la gaa ña jiitu di wër ba tay

gisaguñ sa kem amutoon du am ba ba dun bi far

Ñime coona way, yanu nattu tiis aw sun balaa

Tinu teete taawu nu taaralaat sunu bépp cér

Gaboŋ ak Konaakiri Bàmba kuñ la fi dendaleel

jëfalul ñoñam ña lu tol ne baat ya nga tont Ndar

Ma ne kon sarax nu te yiir nu yaw, mi fi gën mbalaan

Bu nu àppe njuumte yi démb tay lunu moy nga far

Ba la waa Garàmbasa diggi géej nga nu xettalee

Ba nga daane noon ya ca Jéewali la sa ndam ya wér

Di ñu sànge sag suturaak i may yu ñu dul dara

diñu sargal it suñu biir i nawle di fanq mer

Talatun fayantu ni Daam a faj la nu metti woon

Dexi kawsara ay sunu naanuwaay lu nu namm xer

Asakaa ki ay sarax ak ngumeen la nu daa dundee

Bamu ñibbisee la fi nqonji jeex nu ngi afra xar

Xalimaam du jaawale mag na runge du gag du naax

Àlliway Boroom bi ca kursuyun fa la daa nafar

Mbindam ay gësëm aras ak kenoom ya di xacci xol...

Y di dàq ñàkk di dindi réer ak a sippi lor

Tawat ak balaa musiba ak i ndog lu nu jub mu fél

Dërëm ak ngërëm daraja ak i ndam di nu dëkke wër

Asamaan du tiimati gor su baaxe ni Baayi Bas

Lewet ak nëtëx nga mu boole teewu ko mel ni gar

La nga daj Ndakaaru ca néeg ba jar na ku nekk jooy

terewul nga wéy dellluwóo ginnaaw ku la sédd ngor?

Ba nga nee fa jóox kero ràbb jam na sa ndëggu sar

Terewul nga teg ba ca des, nde jom la la Yàlla xër

Masuloo ne uh te sa xol du nux-nuxi bay tawat

Sunu tedd yaay ki ko jënde coona bu yàgg a tar

Dunu am sa fay lu dul ñuy jubal ak a jaamu Buur

di la roy ci sunna su sell jëf di ko teg fu wér

Jote nan la nday jote nan la baay jote lay nijaay

Jote nan la far sunu lépp gee bëccëg ak fajar

Ku la séddu raw te du fuuy du bew ku la am texe

Ku la teggi réer ku la foñ suur lu mu sóor mu dar

Ku la fat ci biir xolam ak xelam nga di ay céram

lu mu yóotu jot lu mu songu daan lu mu jàggi tër

Ku ñu ber nga uuf ku fi loof nga wudde ko ay ngërëm

Ku ñu xeeb nga aj ko ca kaw mu far kawe ñépp cér

Na nga ful nu yaw mi nga xam ne mbaax a ngi far ci yaw

ku la denc féex ku la jënd bég ku la jaayu jar

Ku la sëmb tooye na may yu ànd ak i jagle kon

Nee ma jàkk teg ma ca gàngunaay gi fi ñii di wër

Taxawal te xatmu sa way wi géej amul ab yamu

Tëralal xalim gi te ñaan ca barke ba mujj wér

Texe njub teraanga ju sax fileek fa ñu jëm ëllëg

Darajay Yonnen ba mu daa xëyal ba mu def ko mbër

Salawaatu Rabbi hallayka yaa sëyyidal basar

Maha aali feek muritiy Sëriñ bi di waaj safar

6- Njukkal Sëriñ Xaadim Gëy*

Ahlan wasahlan watarhiiban ci sun ëtti xol

Ndokkeel la day lu nu war, Géy Njooro Géy ñaayaa

Siggil nga daara yi ak, mbooleem lu taq ci ñoom

Saw tagg daj na Kajoor, Saalum ba dem Ngaayaa

Say soppe bég na ñu tay, sa noon ya pérdi nañu

Xuraan a ngay sigaree, muy saar akiy aayaa

Yaa aw fa góor ña awoon, moo tax nga daj la ñu daj

Sabrun jamiilun a lay ràngal fi aw laayaa

Kuy rëbb day làqatuy, bóof ak di diir ak a raam

Jawfal faraa mi nga tër, yombul ci bii ñaayaa

Yaa rëbb Yàlla ci xuus, gottub xuraanu bi def

Pastéefu ak fetaliy sox wal ya ray gaayaa

Diiróoy pitax ak i naat, dóoróoy jinax ak i wel

Segg ak tene ya nga fees, jam gaynde mbër Njaayaa

Sab donga wecci na junniy, fóore yaa bari ay..

Baasiin yu raw sëriñub ñay sàmm i nag mbaayaa

Géttub ngëneel ci nga yar, ay yëkki garmi yu duuf

xëccoowulóok Ardo meew, yaa soow lu suur paayaa

Yërmaande ngay yeewe ndaw, teraanga ngay gawe mag

Kersa ak lewet ba ñu koy kàbbar nga doon taayaa

Wolof Ak Xamle

Buural wéyal doxalal, sam mbay rafet na te set

jekkil ci sag gàngunaay, tey xelli àttaayaa

Laf cat sa tukki bi nay, sun yokkuteg daraja

Njëggum Unnayni ma feeñ, léebam wa naaxsaayaa

Boolook jullit yi ci am, ak bépp xol bu ci tooy

Nay ciggiteg daara tey, suuxug ku taal daayaa

Jaaraama waa daara ñii, ñooy gar di garmi yu set

Seen xol ya Buur a ko fees, duñ dàcc duñ daayaa

Fuñ wokke diine ñu jóg, fu Yàlla woote ñu dem

Tiituñ rafuñ takk-der, buy boqi ngànnaayaa

Jub jëf ndigal moyu tooñ, yar yiw yéwén ñime dal

Ñoo mag toj ak yàq kon, bal baa ngi ci seen kãyaa

Busraa li Njaañ Njaga seenuw, tagg law na fu ne

Naw yiw di seen xalima, wërsëg di seen daayaa

Bijaahi jàkka ya ak, daaray xuraan ya fa ne

Yal nañ nu dolli ngëneel, sun xel mi bum naayaa

Bijaahi xabru ya ak, jumaa ja Bàmba siyaar

Fu bàrke nekk na dal, kiy bind wii aayaa

Xéewal wér ak gudd fan, wëwsëg wu yaatu te lew

Nay wal fi nun li fi ak, jullee ngi am taayaa

Daam Jaane baayi Kariim, Xaadim Gëy ay ki ko yar

kuy noonu daara ci way, lay xotti say caayaa.

Aji-bind ji: Imaam Jóob

Aji-topp ji: Seex Lóo

Ngir bokk ci mbootaayug WAX (Wolof Ak Xamle) jokkool ci limat yii 76 317 83 17 / 78 426 61 35.